

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

# SALÈ MINIMÒM POU TRAVAYÈ FASFOUD YO

1/1/25-31/12/25

Apati 1/1/25, salè minimòm pou travayè fasfoud ap koresponn ak to salè minimòm debaz la. \$16.50 pa èdtan nan vil Nouyòk, Long Island ak Westchester County. \$15.50 pa èdtan rès Eta New York.

## KI SA YON ETABLISMAN FASFOUD YE?

Yon etablisman fasfoud se nenpòt biznis ki satisfè kritè sa yo:

- Prensipalman sèvi manje oswa bwason, ki gen ladan boutik kafe, ba ji, boutik donèt, ak boutik krèm glase yo.
- Ofri sèvis limite, kote kliyan kòmande epi peye anvan li manje, tankou restoran ki gen tab men san sèvis tab konplè, ak kote ki bay sèlman sèvis pou pran ale lakay.
- Fè pati yon chèn 30 lokal oswa plis, ki gen ladan etablisman ki posede endividyèlman e ki asosye ak yon mak ki gen 30 lokal oswa plis nan peyi a

## EGZANP YO

Men kèk egzanz nan etablisman fasfoud yo enkli Ben & Jerry's, Chipotle, Dunkin Donuts, Golden Krust Caribbean Bakery and Grill, Jamba Juice, KFC, McDonald's, Nathan's Famous, Pizza Hut, Quiznos, Shake Shack, Starbucks, Subway, Taco Bell, Tim Hortons, Uno Pizzeria & Grill, Wendy's, ak White Castle.

Pou plis enfòmasyon sou definisyon yon etablisman fasfoud ak sa ki konsidere kòm yon chèn, tanpri gade Règleman endistri Ospitalite ki disponib nan [dol.ny.gov/hospitality-industry-wage-order-cr-146](https://dol.ny.gov/hospitality-industry-wage-order-cr-146) .

## KESYON KI POZE SOUVAN YO

### KI KALITE TRAVAYÈ SALÈ MINIMÒM SA A AFEKTE?

Sa a afekte tout moun ki travay nan yon chèn fasfoud lokal ki satisfè kritè ki dekri yo. Sa a aplike pou travayè ki prepare manje, fè sekirite nan travay, estoke etajè, netwaye, ak fè lòt travay.

### ÈSKE KREDI REPA AK POUSANTAJ RANBOUSMAN ANTRETYEN INIFÒM DIFERAN POU TRAVAYÈ FASFOUD KE POU Lòt TRAVAYÈ ENDISTRI OSPITALITE YO?

Non, kredi sa yo se menm pou travayè fasfoud ak Ospitalite yo.

### E POU TO PÈMAN SOU DEMANN AK EGZIJANS PWOLONGASYON ÈDTAN YO?

Travayè fasfoud yo sijè a egzijans peman sou demann ak pwolongasyon èdtan yo nan to salè minimòm pou travayè fasfoud yo.

### ÈSKE TRAVAYÈ FASFOUD YO KALIFYE POU TOUCHE LÈ SIPLEMANTÈ?

Wi, travayè fasfoud yo dwe touche a èdtan plis mwaye to regilye pou peye a pou nenpòt lòt travay plis pase 40 èd tan pa semèn.

### POU PLIS ENFÒMASYON

Si w bezwen plis asistans, oswa ou vle pote yon plent, tanpri rele: **1-888-4NYSDOL ( 1-888-469-7365 )** oswa vizite: [labor.ny.gov/minimumwage](https://labor.ny.gov/minimumwage).